**REZYUME.** Bibliografik axborotlashtirish foydalanuvchilarni bibliografik axborot bilan muntazam va ba’zan epizodik holatda ta’minlash hamda axborot talabgorlarining axborotga bo‘lgan doimiy ehtiyojlarini qondirishdir. Uning maqsadi - muayyan vaqt davomida yoki muntazam ravishda kitobxonlarni qiziqtirgan mavzular, masalalar, muammolar bo‘yicha chop etilgan eng yangi adabiyotlar, kutubxona fondiga kelib tushayotgan adabiyotlar, shuningdek, aynan shu kutubxonada yoki axborot resurs markazlarida mavjud bo‘lgan yangi hujjatlar bilan tanishtirib boriladi.Ushbu maqolada foydalanuvchilarning muayyan ma’lumotlarni olish uchun mustaqil faoliyat yuritishiga ko‘maklashish orqali ularda axborot madaniyatini shakllantirib borish haqidagi jarayonlar ko‘rib chiqiladi.Axborot madaniyatini shakllantirish muhim ahamiyatga ega bo‘lib, fikrlashga asoslanish, tahlil qila olish asosida baholash ko‘nikmasini shakllantirish tahlil qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** Библиографическая информатизация - это регулярное и иногда эпизодическое обеспечение пользователей библиографической информацией и удовлетворение постоянных информационных потребностей пользователей. Его цель - ознакомить читателей с новейшей литературой, опубликованной на темы, вопросы и проблемы, которые интересуют читателей в течение определенного периода времени или регулярно, с литературой, поступающей в библиотечный фонд, а также с новыми документами, доступными в этой библиотеке или информационно-ресурсных центрах.В данной статье рассматриваются процессы формирования информационной культуры у пользователей, помогая им самостоятельно работать над получением определенной информации. Важное значение имеет формирование информационной культуры, анализируется формирование навыков оценки на основе мышления, умения анализировать.

**SUMMARY.** Bibliographic informatization is the regular and sometimes episodic provision of users with bibliographic information and the satisfaction of users' constant information needs. Its purpose is to familiarize readers with the latest literature published on topics, issues, and problems that interest readers for a certain period of time or regularly, with literature coming into the library collection, as well as with new documents available in this library or information resource centers.This article examines the processes of forming information culture in users, helping them work independently on obtaining certain information. The formation of information culture is of great importance, the formation of assessment skills based on thinking, the ability to analyze is analyzed.

***<u>JÁMIYETLIK-GUMANITAR PÁNLER</u>***

# ӘДЕБИЯТ ТЕОРИЯСЫН ОҚЫТЫЎ МЕТОДИКАСЫ

**Абдижамилова Дилафруз** – *магистр*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** бадиий адабиёт, дастур, фан, адабий курс, метод, усуллар.
**Ключевые слово:** художественная литература, программа, наука, литературный курс, метод, приемы.
**Key words:** literature, program, subject, literary course, method, methods.

Улыўма билим беретуғын мектеплерде қандай пән оқытылмасын мектеп тәжирийбесиндеги бас ўазыйпа оқыўшыларға илимий билим бериў системасын қәлиплестириўден ибарат болып есапланады. Бул мектеплерде демократиялық, еркин пуқаралық жәмийет қурыў мәселелери менен жасларға тәрбия бериў мәселелери менен тығыз байланыста алып барылып атырғанлығының гуўасы болып есапланады.

Илимий билим бериў системасына күш салыў мектепте ҳәмме пәнлер менен бир қатарда қарақалпақ әдебияты пәнине де тийисли процесс болып есапланады. Көркем әдебият бизиң жаңадан раўажланып атырған ҳақыйқатлығымызда өмирди жаңаша цивилизациялық көзқарастан турып қайта қурыўдың ең күшли қуралы болып есапланады. Соның ушында мектеп оқыўшылары өз көзқарасларын қәлиплестириў ушын келешек ашық пуқаралық жәмийет қурыў ислеринде белсенди пайдаланыў ушын бул қурал менен жақсы қуралланыўы керек. Бул ушын оқыўшылар мектепте көркем әдебий материаллар бойынша илимий бир системаға ийе болыўлары керек.

Улыўма билим беретуғын мектеплердиң V-IX классларының бағдарламаларында тарийхый әдебий курс пенен байланыслы болған әдебий теориялық түсиниклер де киргизиледи. Олар бул класслардағы оқыўшылардың түсиниклерине аўыр болмайды. Соның ушын V-IX класcларда тек айырым шығармаларға тийисли болған мағлыўмат бериў менен шекленеди. Ал, әдебий теориялық түсиниклер көбинесе кеңирек академиялық лицейлерде бериледи. Улыўма билим беретуғын мектеплердиң V-IX классларында әдебий теориялық түсиниклерди қәлиплестириў ушын бағдарламаға төмендегидей талаплар қойылады.

Биринш идеn, оқыўшы көркем әдебияттың ҳақыйқатлықты таныўдағы мораллық, әдеп-икрамлық, миллийлик, миллий идеологиялық, эстетикалық тәрбия бериўдиң бир спецификалық қуралы екенлигин аңлаўы керек.

Екинши, көркем шығармалардың состав бөлеклери неден ибарат, соларды билиўлери шәрт.

Үшинши, көркем шығарманың композициясы неден ибарат.

Төртинши, көркем шығарманың тили мәселеси.

Бесинши, қосық қурылысының тийкарлары қандай.

Алтыншы, әдебий жанрлар қандай болады ҳәм олар неден ибарат, соларды билиўлери керек.

Буларды оқыўшыларға толық түсиникли қылып жеткериў ушын қарақалпақ әдебияты муғаллимниң алдына-буларды оқыўшыларға қалай түсиндириў керек, қалай жеткериў керек, ол ушын қандай усыл, методларды қолланыў керек деген ең әхмийетли мәселе турады. Булай ислеў, бул қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасының да талабы болып есапланады. Мысалы, бул талаплардың барлығын бирден қарақалпақ әдебияты сабақлық болып оқытылған күннен баслап билип ала қойыў қыйын. Буны көркем шығарманы үйрениў арқалы билип барыў талап етиледи. Мәселен, булардың бир бөлимин V классларда, екинши бөлимин VI классларда ал, қалған бөлимлерин VII-VIII-XIX классларда үйренип барса болармеди дегенде гәплер бар. Бул натуўры. Жәнe де түп тийкарынан әдебиятты үйрениўге қарсы метод. Оның үстине мектеп турмысында әдебий теориялық материалларды әдебий материалдың өзинен айырып қарайтуғында, материаллы, шығарманың эпитетин тап, метафорасын теңеўин тап деп, әдебий материалларды үйренбей турып теориялық терминлердиң өзлерин таптыратуғында муғаллимлер табылып қалады. Бул да надурыс метод болып есапланады. Оқыўшыға әдебий теориялық материалды таптырғаны жақсы, бирақ әдебий материалдың өзин үйренип болып таптырған, теорияны әдебий материалды талқылаған ўақытларда таптырған дурыс болады.

Улыўма билим беретуғын мектеплердиң V классларының өзинде оқыўшы әдебий тексти ҳәр тәреплеме үйрениўге кеўил бөледи. Оқыўшы оқыў жылының даўамында көркем әдебиятының спецификасы, көркем шығарманың состав бөлеги, оның композициясы, жанрлығы, тили усаған мәселелери менен ушырасады. Усылар арқалы-ақ, оқыўшы әдебият бойынша белгили билим системасына ийе болады.

Оқыўшы ҳәр бир класcқа келген сайын әдебий теориялық принцип жоқарыдағы белгиленген алты принцип негизинде аз-аздан үйрене баслайды. Мысалы, мектептиң V класcында әпиўайы түрде жасына қарап отырып, жоқарыдағы алты принципти үйретиў VI класcта усы алты принципти кеңейтиў ҳәм тереңлестириў керек. VII-VIII классларда бул принциплерди анықлаў, толықтырыў жолы менен улыўма орта билим беретуғын мектеплер, V-IX классларында оқыўшыларда әдебий теориялық түсиниклерди қәлиплестириўге алып келиў керек. Қарақалпақ әдебиятының методикасы V-IX классларда оқыўшыларға әдебий теориялық түсиниклерди әпиўайыдан-қыйынға қарай, жеккеден-улыўмалыққа алып келиўди дурыс деп есаплайды. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы мектеплерде V-IX классларындағы оқыўшыларға әдебият теориясынан билимди қәлиплестириў ушын ең әўеле көркем әдебият ҳаққында, әдебият деген не?-деген улыўма түсиниклерди, әдебияттың спецификалық өзгешелигин көркем шығармалардың пүтинлиги ҳаққында мәселелерди үйренип алғаннан кейин барып жекке материалларға, сүўретлеў, көркемлеў қуралларына ҳәм оның тилин үйрениўге өтиў керек болады. Көркем әдебиятты үйрениў бойынша бурыннан киятырған дәстүрлерге де қараў керек. Соның ушында ҳәзирги көркем әдебиятты мектепте үйрениўдиң илимий талаплары, педагогикалық,

методикалық принциплер бойынша да эпиўайыдан-қыйынға қарай өтиў баслы принцип деп есапланады.

Муғаллим мектепте V-IX классларда оқыўшыларда әдебий түсиниклерди қәлиплестириў ушын ең әўеле көркем шығармаларды талқылаўдан баслаў керек. Дәслеп үйрениўге тийисли заттың пүтинлигин билип алыў керек. Оннан кейин оның теориялық тәреплерин таныўға өтиў керек болады. Мәселен, қарақалпақ әдебиятының муғаллим класста оқыўшыларға бир гүрриңлик я повестьлик шығарманы өтпестен алдын, оның идеялық бағытын, образлылығын, композициялық қурылысын, эмоционаллығын белгилеп алмай турып, ондағы эпитетти, теңеўди, метафораны, гиперболаны табыўды талап етсе, онда оқыўшы биринширден шығарманың пүтинлигин, оның теориялық элементлердиң өзлери белгилей алмайды. Сол себепли, қарақалпақ әдебияты муғаллими оқыўшылар да әдебий теориялық түсиниклерди көп ўақытларда қәлиплестиреди. Және де оны үйрениўдиң метод, усылларын көп қарастырыўына туўра келеди. Әсиресе, теориялық түсиниклерди қәлиплестириў оқыўшылар ушын жүдә мектеп өмириндеги қыйын процесс. Бул мәселени үйрениў, үйретиў тек оқыўшылар ушын емес, ал муғаллим ушында ең қыйын ҳәм жуўапкерли машқалалардан болып есапланады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Палымбетов К., Пирниязов И., Бердимуратова Р. Әдебиятты оқытыў методикасы. (8-класс ушын). Нөкис-2009.
2. 3. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын окытыў методикасы. Нөкис. «Билим», 2004.
3. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. Тошкент. 2010.
4. Пахратдинов Ә. Педтехнология тийкарлары. Нөкис. «Қарақалпақстан», 2009.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада адабиёт назариясини ўқитишда қандай метод, усуллардан фойдаланиш керак, ўқитувчи ўқувчиларда адабий назарий тушунчаларни шакллантириши, бадиий адабиётни мактабда ўрганишнинг илмий талаблари, педагогик, методик принциплар бўйича сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье обсуждается, какие методы и приемы следует использовать при преподавании теории литературы, как учителя должны формировать у учащихся литературные теоретические понятия, научные требования к изучению художественной литературы в школе, а также педагогические и методические принципы.

**SUMMARY**. The article discusses the methods and techniques to be used in teaching literary theory, the teacher's role in developing students' literary theoretical understanding, the scientific requirements for studying literature in school, and pedagogical and methodological principles.


## ШЫНҒЫС АЙТМАТОВТЫҢ «КАССАНДРА ТАМҒАСЫ» РОМАНЫНДАҒЫ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ БОЛЖАМЛАР


**Б.Т.Бердиева** – *оқытыўшы*

*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*



**Таянч сўзлар:** иксзүрият философия, мифология, космос, футуролог, эмбрион, фантастика, эксперимент, генетика, медицина.

**Ключевые слова:** иксэмбрион, философия, мифология, фантастика, генетика, медицина.

**Key words:** embryo, philosophy, futurologist, science fiction, experiment, medicine.


Шынғыс Айтматовтың ең жақсы шығармалары әлле қашан жәҳән әдебиятының классикасының тийкарғы бөлеги болып үлгерди. Жазыўшының дөретпелери усылы тәрепинендe, көтерилген философиялық мәселелерине гөре бир-биринен парықланады, соның менен бирге олардың улыўмалық тәреплери де бар. Жазыўшының биз сөз етпекши болган философиялық романы - «Кассандра тамғасы». Бул апатшылық келмеген, бәлким адамның ис-ҳәрекетлери, менменлиги ақыбетинде жүзеге келди. Бир ғана мысал: ҳәмиледар ҳаяллар медициналық көриктен өткерилгенде айырымларының ҳәмилелеринде нәсил қуўалайтуғын ҳәм басқа да аўыр созылмалы кеселликлер бар екенлиги анықланса да сорлы ана сондай нәрестелердиң дүньяға келиўинен мәпдар